

Consent for Treatment with Injectable Buprenorphine, Haitian Creole Translation

KONSANTMAN POU TRETMAN AVÈK BUPRENORPHINE ENJEKTAB

Buprenorphine se yon medikaman ki itilize pou trete twoub itilizasyon opyoyid. Buprenorphine se yon opyoyid ki ka ede avèk retablisman akòz li redwi sentòm gwo anvi ak sentòm sevraj, epi li bloke efè opyoyid ki pi pisan ak pi danjre. Ou ka pran Buprenorphine avèk yon pilil chak jou, oswa ou ka pran l avèk yon enjeksyon chak mwa. Fòmilè konsantman sa a pale sou enjeksyon chak mwa a. Non enjeksyon an se SUBLOCADE®.

Buprenorphine ka itilize pou dezentoksikasyon oswa pou terapi antretyen. Terapi antretyen an ka kontinye toutan li medikalman nesèsè, li rekòmande pou tretman buprenorphine lan dire omwen sis (6) mwa.

SUBLOCADE se yon fòm buprenorphine ki genyen yon aksyon pwolonje ke yo administre chak 28 jou nan vant. Dòz yo jeneralman kòmanse avèk li a se 300 mg. An jeneral, aprè de (2) mwa, dòz la diminye jiska 100 mg chak mwa.

Isit la w ap jwenn enfòmasyon ki fèt pou pasyan an ke ou bezwen konnen sou SUBLOCADE ak efè segondè li yo. Nou pral revize materyèl sa a avèk ou anvan nou mande w pou siyen fòmilè pou tretman sa a.

Mwen te li fòmilè sa a ak fòmilè medikaman pasyan an oswa yo te li l pou mwen. Mwen konprann sa yo di a. Yo te ban m okazyon pou poze kesyon. Yo te reponn tout kesyon mwen yo. Mwen kwè ke mwen genyen ase enfòmasyon pou bay konsantman m pou enjeksyon SUBLOCADE la. Lè mwen siyen fòmilè sa a, mwen otorize ekip klinik mwen an nan OBAT (medsen, enfimyè pratisyen, enfimyè), pou reyalize enjeksyon Sublocade anba po vant mwen jan sa apwopriye medikalman.

Non Pasyan an

Dat

Non Founisè a

Dat